

Notifikasyon pou Paran (yo) / Responsab Legal (yo)

Sèvis Ekip Itineran: Edikatè k ap fè Vizit yo

Notifikasyon pou Paran (yo) / Responsab Legal (yo) _____ [name of Child Care Program] nan dat _____ [date]:

An patenarya avèk _____ Lekòl Piblik yo, edikatè k ap fè vizit yo pral sipòte timoun pwogram nou yo gras a sèvis edikasyon amelyore. Anplis de travay avèk timoun espesifik nan pwogram nou an nan kad Pwogram Edikasyon Pèsonalize yo (IEPs), edikatè sa yo k ap fè vizit yo pral detanzantan dirije aktivite ti gwoup menm jan ak anplwaye pwogram regilye nou an. Pa egzanp, yo ka li yon istwa pou kèk elèv oswa jwe yon jwèt avèk yo.

Edikatè k ap fè vizit yo pral pase avèk siksè pwosesis Verifikasyon Dosye Pase Depatman Edikasyon ak Swen Timoun Piti Massachusetts la anvan yo travay nan pwogram nou an.

Si ou vle, ou gen opsyon pou refize patisipasyon pitit ou a nan aktivite ti gwoup avèk edikatè sa yo. Si se sa, tanpri ranpli seksyon ki anba a epi retounen fòm sa a dèke ou kapab. **Si se pa sa, pa gen lòt aksyon ki nesesè.**

(SI OU VLE): Dezenskri. Si w prefere pou pitit ou a pa patisipe nan aktivite ti gwoup avèk edikatè k ap fè vizit yo, tanpri tcheke bwat la, siyen / date anba a epi pale avèk edikatè pitit ou a pi vit posib.

☐ *Lè mwen tcheke bwat sa a, mwen chwazi pou piti mwen an pa patisipe nan aktivite gwoup avèk anplwaye Ekip Itineran k ap fè vizit la*

Non Timoun nan

Non an Lèt Detache Paran / Responsab Legal la

Siyati Paran / Responsab Legal la

Dat